



Pou Piblikasyon Imedya: 13/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APWOBASYON PLAN ENVESTISMAN POU 65 LEKÒL ENTÈLIJAN (SMART SCHOOLS INVESTMENT PLANS), KI TOTALIZE 44 MILYON DOLA

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Plan Envestisman pou 65 Lekòl Entèlijan ki totalize 44 milyon dola ki te apwouve nan kad 2 milya dola Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan an (Smart Schools Bond Act) – yon inisyativ ki vize remanye ansèyman ak aprantisaj pou 21^{yèm} syèk lan. Lwa sa, ki te pwopoze dabò pa Gouvènè Cuomo epi te apwouve pa grand majorite moun ki te vote an 2014 yo, sipòte investisman nan teknoloji edikasyon ki pral ekipe elèv yo ak aptitud ke yo bezwen pou pwospere epi reyisi nan ekonomi mondyal la. Ansanm, investisman sa yo pral ede fèmen “eka nimerik” la epi ogmante aksè a teknoloji ansanm ak band laj a wot vitès, nan plizyè santèn lekòl atravè New York.

Gouvènè Cuomo te di: “Lwa sou Angajman Lekòl Entelijan an te jwe yon wòl enpòtan nan devlopman opòtinite edikatif lè l ede lekòl yo modènize sal klas ki te depase yo. Finansman sa asire ke tout elèv New York yo –kèlkeswa kòd postal yo—gen aksè ak teknoloji ki vin tèlman enpòtan pou edikasyon modèn nan lè l prepare yo pou reponn a demand ekonomi 21^{yèm} syèk la.”

Avèk Lwa sou Lekòl Entelijan yo, distrik lekòl yo ap investi nan teknoloji tankou sèvè òdinatè, tablo blan entèaktif, tablèt, gwo bwatye òdinatè ak laptop, ansanm ak band laj a wot vitès ansanm ak koneksyon san fil. Teknoloji sa ap ede elèv yo aprann nan pwòp ritm pa yo, elaji aksè a kou avanse yo ak pwogram eskolè entèaktif yo, epi amelyore kominikasyon ant paran yo ak pwofesè yo. Finansman lekòl entelijan yo pral fasilite investisman ki nesèsè nan klas pre-kindègadenn yo, retire klas nan trelè yo, epi mete sekirite lekòl modèn.

65 plan ki apwouve jodi a pa Komite Revizyon Lekòl Entelijan an totalize 27.1 milyon dola epi l ap finanse plizyè nouvo pwòjè, gen ladan li 10.4 milyon dola pou acha teknoloji pou sal klas yo, 3.5 milyon dola pou pwòjè koneksyon lekòl yo, ak 2.9 milyon dola pou konstwi sal klas pre-kintègadenn. Sa enkli, apwobasyon kat plan Envestisman pou Edikasyon Espesyal Lekòl Entelijan (Special Education Smart Schools Investment plans), ki sipòte anviwon, 160,000 dola nan teknoloji pou sal klas, 13,000 dola nan sekirite modèn ak 3,000 dola nan koneksyon lekòl yo.

W'ap jwenn yon rezime 65 plan sa yo ki disponib [isit la](#).

Komite Revizyon Lekòl Entelijan an konpoze ak Direktè Bidjè a, Rektè Inivèsite Eta New York la (State University of New York), ak Delege Ministè Edikasyon Eta a (State Education Department).

Direktè Bidjè Eta a, Robert F. Mujica te di: “Plan ki apwouve jodi a yo, ap transfòme sal klas yo an sant aprantisaj modèn epi prepare elèv yo pou patisipe nan ekonomi demen an.”

Delege Ministè Edikasyon Eta a, MaryEllen Elia te di: “Plis pase 175 distri lekòl atravè Eta New York ap pwogrese kounye a ak plan ki byen panse pou asire yo genyen zouti teknolojik ak enfrastrikti pou ede elèv 21^{yèm} syèk nou yo prepare pou avni ki reyisi. Ministè Edikasyon Eta a ap kontinye travay pou ede distri yo prepare plan ke timoun yo ap benefisye lontan apre yo fin kite lekòl, lè l ba yo kapasite ki nesèsè pou mendèv inovan jodi a.”

Rektè SUNY an, Nancy L. Zimpher, te deklare: “Envestisman nou yo k ap kontinye nan Lekòl Entelijan yo, ekipe lekòl nou yo ak resous ak zouti ki nesèsè pou edike plis elèv epi edike yo pi byen. Sipò finansye sa ke yo bay jodi a pral ranfòse abilite elèv nou yo pou ka reyisi nan klas yo, nan karyè pwofesyonèl fiti yo, ak nan lavi a. Felisitasyon a tout lekòl ak pwogram yo ki pral benefisye de kado sa a.”

An 2014, Gouvènè Cuomo te mande Eta New York pou li envesti 2 milya dola nan lekòl li yo atravè Lwa sou Angajman Lekòl Entelijan an – ki se yon inisyativ ki ta pral finanse teknoloji edikatif ak enfrastrikti, k ap bay elèv yo aksè a teknoloji ki pi modèn, ak koneksyon ke yo bezwen pou kapab reyisi epi rivalize nan ekonomi 21^{yèm} syèk lan. New York te dakò epi vote nan Lwa sou Angajman Lekòl Entelijan an nan mwa Novanm lan.

Swit ak pwopozisyon Lwa Angajman sa, Gouvènè Cuomo te etabli Komisyon Lekòl Entelijan an (Smart Schools Commission) pou rasanble enfòmasyon sou estrateji sou kòman lekòl yo ka envesti finansman sa yo yon fason ki pi efikas. Komisyon konsiltatif sa te pwodwi yon [rapò final](#) ki te rekòmande pou yo met atansyon sou devlopman band laj ki solid ak koneksyon san fil, epi itilize teknoloji transfòmatif yo. 65 plan yo ki te apwouve pa Komite Revizyon Lekòl Entelijan yo te reflète anpil nan pi bon pratik ke Komisyon an te idantifye yo.

###